



# Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware

*Enfome. Edike. Defann.*

## Evaliyasyon Fonksyonèl Konpòtman (FBA)

### YON TI KOUT JE

Yon evaliyasyon fonksyonèl konpòtman (FBA) se yon apwòch pou rezoud yon pwoblèm ki souvan itilize nan lekòl yo pou ede konprann poukisa yon timoun ap aji jan lap aji a. Yon FBA se yon koleksyon enfòmasyon sou konpòtman yon timoun nan diferan plas. Yon FBA ka yon nesosite lè yon paran ak lekòl la enkyè sou move konpòtman yon timoun genyen ki ap repete souvan.

#### Eske pitit ou a gen kèk nan konpòtman sa yo?

- **Deranjman:** deranje lòt moun, mete men sou lòt, rele sou lòt moun, fè bri ki pa apopriye
- **Atansyon:** Gen pwoblèm pou fokis, reve je ouvè souvan, pa ka rete anplas, toujou bliye sa ki di, distrè fasil, pa finn fè devwa l.
- **Riske:** Itilize kò l pou pale ak lòt moun pandan lap ba yo kou, fè dega sou sa ki nan antouraj li oubyen menase lòt elèv oubyen pwofesè
- **Obsesiv:** fè yon menm mouvman plizyè fwa.; gen yon bezwen irezonab pou bagay yo toujou fèt menm jan
- **Konpòtman sosyal ki pa apopriye:** demontre konpòtman ki atire atansyon ki ka koze pwoblèm nan siksè lekòl li oubyen nan relasyon l ak lòt kamarad lekòl li.

#### Lis moun sa yo ka patisipe nan FBA pwosès la:

- Paran
- Elèv
- pwofesè
- Sikològ lekòl
- Ajans
- Konseye pedagogik
- Manadjè
- Spesyalist konpòtman
- Enfimyè
- Kòdinatè espesyal pou edikasyon
- Lòt moun kap travay ak pitit ou e ki konn pitit ou

**Pou plis enfòmasyon ale sou [www.picofdel.org](http://www.picofdel.org) oubyen rele nan (888) 547-4412**



PIC se yon òganizasyon nan tout eta a ki la pou ede paran angaje nan edikasyon.

**Done yo ka kolekte diferan fason, e itilize plizyè sous pou sa, pandan kèk semèn oubyen mwa:**

- **Obsèvasyon dirèk** se gade yon timoun nan diferan klas ak plas pou wè koman li aji ak lòt elèv ak pwofesè.
- **Koleksyon done** ka jwenn nan men pwofesè ki kenbe rekòd kèk konpòtman
- **Echèl pou konpòtman** ke pwofesè ak paran yo itilize pou bay opinion yo sou obsèvasyon konpòtman.
- **Sondaj, entèvyou ak kesyonè** ke paran yo ka mande pou yo ka bay enfòmasyon sou konpòtman pitit yo lè yo lakay pandan yap fè devwa, travay sou òdinatè, pale avèk frè ak sè yo, etc. Lè li apopriye elèv la ka bay opinyon pa li tou.

**Paran ak gwoup lekòl dwe konsidere kesyon sa yo lè yap fè yon evaliyasyon fonksyonèl konpòtman (FBA):**

- Ki nati andikap timoun nan?
- Èske gen faktè biyolojik ak emsyonèl an rapò ak andikap timoun nan?
- Kijan konpòtman an ye??
- Chak kilè konpòtman an fèt (chak èdtan, jou, semèn)?
- Ki kote konpòtman an te fèt ?
- Kisa timoun nan akonpli ak konpòtman sa?
- Ki konsekans ki te genyen pou timoun nan aprè konpòtman sa?
- Ki strateji pozitif ak sipò ki la pou timoun nan?
- Èske timoun nan ap resevwa lòt sèvis?
- Kisa ki fòs timoun nan ak preferans li?
- Èske gen bagay espesyal ki motive timoun nan??
- Èske timoun nan gen opòtinite pale sou poukisa li ap fè kèk bagay?
- Èske timoun nan montre ke li konprann konpòtman li?
- Ki nivo timoun nan?
- Èske konpòtman sa yo se konpòtman ki fenk parèt?



***Kisa ki pase lè yon evaliyasyon fonksyonèl konpòtman (FBA) fini?***

*Koleksyon done from sou evaliyasyon fonksyonèl konpòtman pral ede gide gwoup la pou yo devlope yon plan sipò pou konpòtman pozitif oubyen yon plan entèvansyon sou konpòtman B (BIP) pou timoun nan.*

**Pou plis enfòmasyon ale sou [www.picofdel.org](http://www.picofdel.org) oubyen rele nan (888) 547-4412**



PIC se yon òganizasyon ki nan tou eta a ki la pou ede paran angaje nan edikasyon.